# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

लखनऊ के विधान भवन में आजु भारत सरकार क युवा अउर खेल मंत्रालय की ओरि से विकसित भारत युवा संसद महोत्सव क आयोजन कइल गइल। महोत्सव में माई भारत अभियान में नौजवानन क नेतृत्व क्षमता के बढ़ावा दिहले क संकल्प के दोहरावल गइल। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि युवा संसद क उद्देस्य खाली नेता बनावल नाहीं बलुक अगुआई क क्षमता विकसित कइल हौ। उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के मार्ग दरसन में दुइ हजार ओन्नइस से सुरू भइल युवा संसद क ई पहल जिनगी में हर क्षेत्र में अगुआई क गुण विकसित कइले के उद्देस्य के साथे आगे बढ़ि रहलि हौ। उहां के नौजवानन के कुछु नया कइले अउर समाज खातिर प्रेरणा बने बदे प्रेरित कइलीं।

**जब हम लीक से हटकर के कुछ नया करते हैं तो वह लोगों के लिए सामान्य जन के लिए समाज के लिए एक प्रेरणा बन जाती है' और लोग उसको हाथों–हाथ लेकर के जब सम्मान देते हैं तो वह एक नेतृत्व उसे क्षेत्र में जो विकसित किया गया वहीं एक लीडर का गुण होता है। ऐसे ही जीवन के किसी भी क्षेत्र में अनंत संभावनाएं होती हैं अपने बातों को रखने का अपने कार्य क्षेत्र को आगे बढ़ने का।**

येह कार्यक्रम में विधान परिषद के सभापति मानवेन्द्र सिंह आ विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना भी मौजूद रहलें।

**********

लखनऊ के मोहान रोड स्थित एगो संस्था में तबीयत बिगड़ले के बादे लोकबंधु अस्पताल में भरती करावल गइल लइकन से मिलि के प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु उनकर हालचाल लिहलें। मुख्यमंत्री हर बेडे पर जा के लइकन से मुलाकाति कइलें। उहां के चिकित्सकन अउर अधिकारियन के लइकन क समुचित इलाज क निरदेस दिहलीं। बीतल दिनन राति के खाना खइले के बाद संस्था के लइकन क तबीयत बिगड़ि गइल रहे। हमरे प्रतिनिधि बतवलें कि येह दुखद घटना में मानसिक मंदित चारि लइकन क मउति हो चुकल हौ।

**********

सर्वोच्च न्यायलय आजु दिल्ली उच्च न्यायालय के पूर्व न्यायाधीस जस्टिस यशवंत वर्मा के सरकारी आवास पर अवैध नकदी मिलले के आरोप में उनके खिलाफ प्राथमिकी दरज कइले के मांगि वाली याचिका खारिज कई दिहलस। न्यायमूर्ति वर्मा के घर से आगि लगले के घटना के बादे नगदी बरामद कइल गइल रहे। न्यायमूर्ति अभय ओका अउर न्यायमूर्ति उज्ज्वल भूयान क पीठि याचिका पर सुनवाई कइलस अउर आंतरिक जांचि पूरा करे के कहलस। आवास पर नगदी बरामद भइले के बाद जस्टिस यशवंत वर्मा क तबादला दिल्ली हाईकोर्ट से इलाहाबाद हाईकोर्ट कइ दीहल गइल हौ।

**********

महिला अउर बाल विकास मंत्रालय प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार खातिर आवेदन मंगले हौ। आवेदक पहिली अपरैल से राष्ट्रीय पुरस्कार पोर्टल के जरिया से एकतीस जुलाई ले आवेदन कइ सके लें। मंत्रालय के एगो बेयान के मोताबिक भारत में रहे वाला अइसन लइका जे देस क नागरिक हौ अउर एकतीस जुलाई दुइ हजार पचीस ले पांच बरिस से अठारह बरिस के बिच्चे के उमिरि में सामिल हौ, येह पुरस्कारन बदे पात्र होइहें। मंत्रालय बहादुरी, खेल, सामाजिक सेवा, विज्ञान अउर प्रौद्योगिकी, पर्यावरण आ कला अउर संस्कृति में उपलब्धी बदे असाधारण लइका आ लइकनिनि के सम्मानित करे खातिर हर सालि प्रधानमंत्री राष्ट्रीय बाल पुरस्कार क आयोजन करे ला।

**********

ईद उल फित्र से पहिले रमजान क आखिरी जुमा पर आजु प्रदेस भर में अकीदत के साथे अलविदा क नमाज अदा कइल गइल। सज्जो नमाजी लोगि नमाज अदा कइले के बादे देस में खुसहाली अउर सान्ती बनल रहले क कामना कइलें। येह मौका पर सज्जो जिलन में सुरक्षा क पुरहर इतिजाम कइल गइल रहे। संवेदनसील जगहिनि पर सुरक्षा अउर यातायात क अतिरिक्त इंतिजाम कइल गइल रहे।

**********

चइत के नवरातर के देखि के बनारस अउर एकरे लग्गे के जिलन में विन्ध्याचल धाम बदे अतिरिक्त बस चलावल जाई। परिवहन निगम क क्षेत्रीय प्रबंधक परशुराम पाण्डेय बतवलें कि बिहने राति के बाद से छौ अपरैल ले एक्यानबे बस चलवले क तइयारी कइल गइल हौ।

**मेन मेला है शुरूआत 29 को हम भीड़ जैसे होगी तो उसके लिए अलग से व्यवस्था एक्कईस हमारी डेली चलती है, लेकिन उसके अलावा हमने सत्तर बसों का पूरे परिक्षेत्र में बनारस, कैंट, जौनपुर, गाजीपुर, सोनभद्र और विन्ध्यांचल मिला कर के सत्तर बसों की प्लानिंग एक्स्ट्रा सर्विसेज का किया है। इसमें पूर्व से एक्कईस दोनों मिला कर इक्यानवे बसें अब उपलब्ध रहेंगी।**

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी तीस मार्च के आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम के सम्बोधित करिहें। ई मासिक रेडियो कार्यक्रम क एक सौ बीसवीं कड़ी होई। कार्यक्रम बदे आपन बिचार अउर सुझाव टोल फ्री नम्बर–एक आठ सुन्न सुन्न एक एक सात आठ सुन्न सुन्न के जरिया से दीहल जा सके ला। नरेन्द्र मोदी ऐप चाहे माय जीओवी ओपन फोरम के जरियो से ऑनलाइन सुझाव साझा कइले क आजु आखिरी तारीख हौ।

**********